

**SS.7.C.4.3**

*Dekri egzanp sou kouman peyi Etazini te fè fas ak konfli entènasyonal yo.*

**SS.7.C.4.3 Klarifikasyon sou Nasyon Fondamantal 2:** Elèv yo ap idantifye rezon ki fè peyi Etazini te vin patisipe nan konfli entènasyonal ki te pase yo.

Plizyè rezon ka mennen yon nasyon nan konfli entènasyonal. Sa yo ka enkli konfli militè yo, dezakò komès, oswa dezakò nan trete. Peyi Etazini te patisipe nan plizyè konfli entènasyonal atravè istwa li.

<b>Konfli Entènasyonal</b>	<b>Rezon pou Patisipasyon</b>
Envazyon <i>Bays of Pigs</i> la (Kiba, 1961)	<p>Bay of Pigs se lakòt nan Kiba nan Lanmè Karayib la. Li te sit nan Kiba kote yon gwoup moun ki te kont diktatè Kiben an, Fidel Castro, te fè yon atanta envazyon. Yo te vin rekonèt sa kòm envazyon Bay of Pigs la.</p> <p>Peyi Etazini te dirije envazyon sa a pou yo eseye anpeche menas <b>kominis</b> tou pre peyi Etazini (Kiba sitye sèlman 90 mil de distans a Florida Keys yo.)</p>
Kriz Misil Kiben an (Kiba, 1962)	<p>An 1962, te gen anpil bouyay ant nasyon ki kominis yo e nasyon ki pa kominis yo. Inyon Sovyetik te deside enstale misil Kiba pou menase peyi Etazini. Prezidan John F. Kennedy te menase <b>aksyon militè</b>. Aprè 13-jou dilèm (yon peryòd de tan lè okenn nan tou de peyi yo pat pran aksyon), peyi Etazini ak Inyon Sovyetik te rive jwenn yon akò pou retire misil yo Kiba.</p>
Kriz Otaj Iran an (Iran, 1979-1980)	<p>An 1979, yon gwoup elèv Iranian te sipòte Revolisyon Iranyen an te sezi <b>anbasad</b> Ameriken an nan Tehran an Iran. Yo te kenbe 66 diplomat Ameriken an otaj pou 444 jou. Pandan kriz otaj Iranyen an, Prezidan Jimmy Carter te di ke peyi Etazini "pa tap sede dwadpasaj bay chantaj", ki vle di ke peyi Etazini pat vle sèvi ak <b>diplomasi</b> pou te fè lage otaj yo. Yo te finalman libere yo 20 janvyè, 1981, jou inogirasyon Prezidan Ronald Reagan.</p>
<b>Teworis</b> 11 septanm, 2001	<p>11 septanm 2001, teroris yo te kidnape (pran a fòs) kat avyon nan peyi Etazini e antre nan World Trade Center a nan Vil New York ak nan Pentagon lan tou prè Washington, DC. Yon lòt avyon te fè aksidan nan yon jaden nan Pennsylvania. Plis pase 3,000 Ameriken te pèdi lavi yo akòz atak sa a.</p> <p>World Trade Center te yon gwo bilding 110 etaj kote anpil biznis enpòtan te ye. Pentagon lan sete antèt jeneral militè peyi Etazini.</p> <p>Teworis yo se moun oswa gwoup ki sèvi ak laperèz e vyolans pou reyalize objektif politik, tankou yon chanjman nan gouvènman an. Gwoup teworis ki te dirije atak 11 septanm lan te Al Qaeda, Osama bin Laden te dirije gwoup la.</p> <p>Yon lòt gwoup teworis, Taliban an, te dirije pi fò nan peyi Afganistan. Taliban yo te pèmèt Al Qaeda pou viv an Afganistan ak pou fè antrennman pou atak teworis 11 septanm lan.</p> <p>Militè peyi Etazini ak (<b>NATO allies</b>) (<b>alye OTAN Òganizasyon Trete Atlantik di Nò</b>) li yo, te reponn pou anvayi Afganistan avèk èd fòs alye pèp Afghanistan. Ak tèt ansanm, yo te retire Taliban yo sou pouvwa an Afganistan.</p>

**alye** - nasyon ki ini ak yon lòt pou kèk objektif komen tankou asistans ak pwoteksyon

**aksyon militè** - manm militè peyi Etazini (Lame, Kò Marin, Maren, Fòs Aeryen ak Gad Kòt) yo voye yo nan yon lòt peyi pou itilize fòs pou sispann yon konfli

**anbasad** - rezidans oswa biwo anbasadè nan yon peyi

**diplomasi** - travay pou kenbe bon relasyon ant gouvènman nan diferan peyi yo

**kominis** - yon fòm gouvènman kote desizyon yon sèl pati posede e kontwole ekonomi an tout antye, e ke pa gen okenn pwopriyete prive

**(OTNA) (NATO)** - Òganizasyon Trete Atlantik di Nò, yon gwoup 28 peyi yo ki te dakò pwoteje youn ak lòt nan ka ta gen atak; te fonde an 1949

**teworis** - izaj ekstrèm perèz ak vyolans kòm yon fason pou atenn objektif politik